




Analiz Ekite sou Sèvis MBTA: Kijan li fonksyone?

Remake: Sa a se yon prezantasyon senplifye nan pwosesis la. Gade tout règleman an pou jwenn plis detay.

Pwosesis sa a kòmanse ak
nenpòt chanjman ki
pwopoze nan sèvis la.



Èske se yon gwo **Chanjman Sèvis**? Wi, si li dire pi long pase 12 mwa epi li chanje nan fason enpòtan: a) kantite sèvis pou chak semèn pou chak mòd (otobis, tren, elatriye.), b) kantite sèvis pou chak semèn pou chak wout, oswa c) limit jeyografik sèvis la.

MBTA a fè yon **analiz sou ekite** pou evalye **enpak** chanjman yo sou popilasyon pwoteje yo baze sou chanjman nan:

a) Kantite tan sèvis total chak semèn, ak/oswa

b) Aksè nan sèvis pou rezidan yo nan distans 0.5 mil de yon arè/estasyon MBTA.



Analiz pa Nesesè

Èske chanjman an enjis? MBTA a itilize rezulta analiz ekite a pou detèmine si chanjman an pral **afekte enjisteman** popilasyon pwoteje sou baz ras/etnisite yo ak/oswa mete yon **chaj enjis** sou popilasyon ki gen revni fèb ki baze sou limit ki detèmine alavans. Apre sa, analiz sa a prezante bay Konsèy Administrasyon an.

Anvan w kontinye, si chanjman an pral gen yon **enpak enjis** sou popilasyon pwoteje sou baz ras/etnisite yo, MBTA a dwe eksplike bezwen pou chanjman ak montre ke pa genyen altènatif efektif.

Si chanjman an pral mete yon **chaj enjis** sou popilasyon yo ki gen revni fèb yo, MBTA dwe konsidere mezi atenyasyon ak nenpòt lòt altènativ ki disponib.



Dakò Pou Kontinye